

A tout fanmi Tit I nou yo,

Mèsi paske w pran tan pou w li rezime Plan Angajman Paran ak Fanmi sa a. Plan konplè lekòl la ak Pake Kontra lekòl la disponib pou ou nan sit entènèt lekòl la e nan Kaye Nòt Angajman Paran an ki nan biwo lekòl la.

Plan Angajman Paran ak Fanmi nan distri a an sanm ak rezime plan an disponib nan pou ou nan Kaye Angajman Paran lekòl la, nan sit entènèt lekòl la e nan [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net).

Tout rezime plan yo disponib nan lang Espanyòl ak Kreyòl Ayisyen: si posib, enfòmasyon sa a kapab disponib nan lòt lang si gen demann pou sa.

Si w enterese fè pati komite a pou w revize e evalye plan ak Pake Kontra lekòl ou a, tanpri kontakte administratè a oswa kontak Tit I nan lekòl ou a.

Si w enterese fè pati komite Distri a pou revize Plan ak rezime Distri a, tanpri vizite Tit I/Paran ak Paj nan sit entènèt [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net).

Opinyon w enpòtan anpil pou nou.

Mèsi.

Denise Atwell, Tit I  
Kòdonatè Angajman Parana k Fanmi yo  
Administratè Sibvansyon ak Pwogram Federal



Vizite paj Tit I nan sit

[WWW.POLK-FL.NET](http://WWW.POLK-FL.NET) pou plis

enfòmasyon.



## Lake Alfred-Addair Middle School

925 N. Buena Vista Dr.

863-295-5988

<http://schools.polk-fl.net/laams/>



Julie Grice -Direkte  
Sandra Sackett-Asistan Direkte  
Rebeca Hensley-Asistan Direkte  
Jill Dorsett-Asistan Direkte  
Blanca Hernandez / Stephanie Jen  
Kontak Angajman Paran ak Fanmi Tit I



### Deklarasyon Misyon Distri a:

Bay tout elèv yon edikasyon kalite siperyè.  
Chak elèv, yon posiblite

### Vizyon/Deklarasyon Misyon Lekòl la

Li se misyon an nan Lake Alfred Addair lekòl mwayen bay yon anviwonman ki an sekirite ak estriktire, adoptif motivasyon, ak gid tout elèv yo rive jwenn sosyal yo, akademik, kolèj ak potansyèl karyè.

### Angajman Paran ak Fanmi Tit I yo

#### Deklarasyon Misyon

Pwogram Tit I nan Distri a ak na Lekòl yo Pwogram Patisiparan nan Kanton Polk la ap fè jefò pou BATI RELASYON yo nan lide pou kreye angajman fanmi **reyèl pou chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.**



Gen yon kopi Plan Angajman Paran ak Fanmi an ak rezime plan an ki disponib nan sit entènèt Depatman Polk la ki se

[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

### Dat Remiz Bilten yo:

1e novanm, 26 janvyè, 11 avril

**Jou Rezilta Pwovizwa yo: (yo voye yo nan semèn)**

12-16 septanm 28 novanm-2 desanm,

13-17 fevriye, 1-5 me

**Dat y'ap lagè lekòl bonè**

14/9, 5/10, 16/11, 25/1, 15/2, 15/3, 17/5

**Vizite sit entènèt nou an pou w wè tout kalandriye ane lekòl sa a.**

### Vizite sit entènèt lekòl ou a pou enfòmasyon sou:

- Paran ak Fanmi Lekòl la ak Distri a Plan angajman ak rezime plan yo
- Gid Paran yo/Kòd Konduit la
- Pake Kontra Lekòl la
- Enfòmasyon sou Egzamen ak Done Lekòl yo
- Sant Sipò Paran/Fanmi yo

**Objektif Tit I se amelyore siksè elèv yo nan;** enstriksyon efikas nan sal klas yo, angajman paran ak fanmi yo e nan aktivite devlopman pwofesyonèl.

**Angajman Paran ak Fanmi** vle di patisipasyon paran/fanmi yo nan komunikasyon regilye ki gen sans youn ak lòt ak lekòl la e ekip lekòl la konsènan aprantisaj akademik elv yo ak nan lòt aktivite lekòl la ap mòganize yo.

### **Paran yo genyen dwa pou yo konnen:**

- Kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak asistan pwofesè elèv yo
- Si yon pwofesè ki pa gen anpil kalifikasyon gen sou kont li oswa ap anseye pitit yo pandan 4 semèn
- Nivo siksè pitit yo nan egzamen akademik leta yo
- Detay sou pwogram lekòl la ak enfòmasyon konsènan tès akademik yo ak kritè konpetans yo
- Regleman lekòl la ak distri a sou patisipasyon paran yo ak plan yo e rezime yo
- Enfòmasyon espesyal sou pwogram Tit I nan lekòl la ak opòtinite pou yo vin pote kole nan edikasyon pitit yo
- Pake kontra paran-lekòl la. Yo dwe pale sou pake kontra a konsènan elèv klas primè yo pou panda rankont ak paran yo

### **Tanpri vizite**

**Sit entènèt patisipasyon Tit I an:**

[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

Departments>Title I>Parent Involvement



### Istwa Lekòl la & Popilasyon li:

**Bati nan ane** 2005, Lake Alfred Addair Middle lekòl la genyen 29 pwofesè, 10 pwofesè sipò, 9 èd pwofesè e 20 lòt manm nan ekip la.

Done enskripsyon ki kolekte nan ane 2016 montre lekòl la gen 760 elèv.

Nan total sa a, 31% Afwoameriken, 29% Blan e 36% Ispanik.

### Enfòmasyon sou Tit I:

100% elèv yo resevwa manje gratis e nan ba pri, sa ki pèmèt nou kalifye pou nou resevwa fon nan men Gouvènman Federal atravè pwogram TIT I.

Dapre bidjè Tit I nou an, n'ap gen bezwen \$2,685.63 pou nou depanse nan aktivite Patisipasyon Paran. Fon sa yo itilize pou tit 1 parapwofesyonèl

W'ap jwenn enfòmasyon sou manje gratis e nan ba pri nan [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net), fè klik sou: [nutrition](#)

### Opinyon Paran/Fanmi yo

Yo bay paran ak fanmi yo opòtinite pou yo bay opinyon yo nan sondaj yo, nan evalyasyon yo e nan email.

**Nan sezon prentan an**, paran ak manm fanmi yo jwenn envitasyon pou patisipe nan reyinyon/e patisipe nan evalyasyon Plan ak Pake Kontra Angajman Paran ak Fanmi ki gen la a.

**Nan sezon lete**, paran ak manm fanmi yo jwenn envitasyon pou patisipe nan devlopman Plan Amelyorasyon Lekòl la.

**Nan sezon lotòn**, Konsèy Komite Lekòl la ap apwouve Plan Amelyorasyon Lekòl revize a ak plan Angajman Paran ak Fanmi yo

Pou plis enfòmasyon sou pwogram Tit I Distri a

Sant Sipò Paran ak Fanmi yo  
Ak Inivèsite Paran yo, tanpri vizite  
[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

Klike sou: PARENT CENTERS  
or PARENT UNIVERSITY



### Ways families can be involved at our school!

#### Volontè!

W'ap jwenn enfòmasyon sou volontè yo nan [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) (klike sou: **volunteer**)

#### Konsèy Komite Lekòl la

Yo ankouraje paran e/oswa manm fanmi yo pou yo pote kole kòm manm Konsèy sa a nan lide pou bati patenarya ak lekòl la e ankouraje siksè elèv yo.

#### Asosye Kominotè ak Asosye Biznis yo

Tanpri gade nan sit entènèt lekòl nou an pou wè lis asosye biznis nou yo.

#### Vini nan Atelye Paran/Fanmiyo ak Aktivite Lekòl yo.

Pou w wè lis pwogram ak aktivite lekòl nou an, tanpri vizite sit entènèt nou an.



#### Reyinyon Anyèl Tit I

**Nan reyinyon sa a, paran ak fanmi yo ap resevwa enfòmasyon sou pwogram lekòl la, kritè lekòl Florid yo ak pwogrè elèv yo.**

**Anplis, y'ap pale sou enfòmasyon konsènan Plan Amelyorasyon Lekòl la, Plan Angajman Paran ak Fanmi Tit I yo epi Pake Kontra Lekòl la.**

W'ap jwenn enfòmasyon sou pwogram Tit I Distri a nan sit entènèt sa a: [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net).

(Klike sou: **Title I**)

### Atelye Angajman Fanmi yo

Atelye yo ap òganize pou manm paran ak fanmi yo nan matyè lekti, redaksyon, matematik ak syans. Y'ap bay fanmi yo zouti, estrateji ak materyèl pou ede yo travay ak pitit yo lakay yo nan lide pou ede yo amelyore siksè akademik yo.

#### Dat atelye yo pou ane lekòl sa a

Sep. 20, 2016 : Paran Pwofesè Konferans lanmwit

oktòb 13, 2016 : Alfabetizasyon lanmwit

Nov. 8, 2016 : Odinatè Literacy lanmwit

desanm 6, 2016 : Paran Pwofesè Konferans lanmwit

janvyè 19, 2017 : Men sou matematik ak syans lanmwit

Feb. 16, 2017 : Tès Info ak Tès Strateji lanmwit

fevriye 21, 2017 : Paran Pwofesè Konferans lanmwit

mas 9, 2017 : Multi- Kiltirèl lanmwit

Avr 4, 2017 : Anviwònman Bi lanmwit

Me 9 2017 : Konferans pwofesè-paran

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon



### Kominikasyon ant Lakay la e Lekòl la

Evalyasyon espesyal ak nòt elèv yo disponib nan men pwofesè e/oswa konseye pitit ou a.

Y'ap pale sou evlyasyon yo nan rankont ak paran/fanmi yo. Tanpri kontakte pwofesè pitit ou a e/oswa konseye li pou w pran yon randevou k'ap bon pou nou.

#### Revi Lekòl la oswa Revi pou Klas Presi

#### Rankont paran/Fanmi

Jwenn an kontak ak konseye pedagogik pitit ou a @ 863-295-5988

Siyati: A-L (Ms.Downing)

Siyati: M-Z (Ms.Koon)

#### Kouman w ka kontakte pwofesè pitit ou a

out pwofesè yo disponib nan imel. Log nan Portal paran ou ki kote ou gen enfòmasyon itil konsènan kontak pwofesè, klas, devwa rate, ak absans. Ou dwe vizite nou ak yon ID valab jwenn ou non itilize ak modpas.

### Kontwòl Pwogrè Elèv yo

#### Sit Pòtay Paran yo

Antre nan enfòmasyon ak nòt pitit ou fasil tankou konte 1-2-3 nan sit sa a: <https://parent.mypolkschools-net>.

#### Pwogram & Enstriksyon

Tout matyè yo chita sou **Kritè Lekòl Florid yo**.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

[www.fldoe.org](http://www.fldoe.org) OSWA

[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

e chache mo kle: Florida Standards (Kritè Lekòl Florid yo)

#### Egzamen yo

Nou swiv kalandriye distri a pou nou fè egzamen Lekti, Matematik, Syans ak Redaksyon.

Anplis kalandriye distri a, n'ap evalye e kontwòl pwogrè elèv yo nan itilize modèl evlyasyon distri a ak evalyasyon enfòmèl pwofesè yo.

#### Enfòmasyon sou egzamen ak dat yo

Vizite sit entènèt lekòl nou an kote w'ap wè yon lis konplè dat ak enfòmasyon sou egzamen yo.

W'ap jwenn regleman distri a sou egzamen ak dat pou tout lekòl yo òganize egzamen nan sit

[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

**Klike sou: Testing (egzamen)**

#### Done ak Gid Lekòl yo

W'ap jwenn dat ki pi resan yo nan sit entènèt FLDOE a ki se:

<http://schoolgrades.fldoe.org/>

Oswa [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

Klike sou: school grades (nòt yo)

